

Nim. 202.13

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

KOUNYE A, KIDONK, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat mardi 28 avril 2020, sa ki annapre yo:

- Seksyon 16.03 ak 16.05 nan Lwa sou Ijyèn Mantal la (Mental Hygiene Law) ak Pati 619 nan Tit 14 nan Kòd, Règ ak Règleman New York yo (New York Codes, Rules and Regulations, NYCRR) nan mezi yo limite òf sèten sèvis nan enstalasyon sètifye depi, sepandan, itilizasyon enstalasyon sa yo ap egzije apwobasyon komisè Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD);
- Seksyon 16.33, 16.34, 31.35 ak 19.20 nan Lwa sou Ijyèn Mantal la; seksyon 378-a, 424-a ak 495 nan Lwa sou Sèvis Sosyal yo (Social Services law); seksyon 550, 633.5, 633.24 ak 805 nan Tit 14 nan NYCRR yo; Atik 3, seksyon 442.18, 447.2, 448.3, 449.4, 450.9, 451.6 nan Tit 18 nan NYCRR yo ; ak seksyon 166-1.2, 180-1.5, 180-3.4, 182-1.5, 182-1.9, 182-1.11, 182-2.5, 182-2.9 ak 6051.1 nan Tit 9 nan NYCRR yo, nan mezi sa nesèsè pou otorize anplwaye k ap travay kounye a nan OPWDD oswa founisè OPWDD apwouve yo, pwogram Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) bay pèmi egzèsè oswa agreye yo, pwogram Biwo Sèvis ak Ankadreman pou Akoutimans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) agreye, finance oswa otorize yo, pwogram Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH) oswa OMH bay pèmi egzèsè, finance oswa apwouve yo, ki deja pase pa verifikasyon antesedan sa yo pou yo lòt founisè OPWDD apwouve ak/oswa pwogram OCFS bay pèmi egzèsè oswa agreye ak/oswa pwogram OASAS agreye, finance oswa otorize ak/oswa pwogram OMH bay pèmi egzèsè, finance oswa apwouve, anplwaye yo san yo pa bezwen pase pa lòt verifikasyon antesedan. Yo anile dispozisyon sa yo tou nan mezi sa nesèsè pou otorize founisè yo deside kite moun ki deja kalifye epi ki pa sou Lis Eksklizyon Pèsonèl la (Staff Exclusion List) pou yo travay san sipèvizyon pandan yon nouvo verifikasyon antesedan ap fèt;
- Seksyon 3203 ak 4510 nan Lwa sou Asirans la (Insurance Law) modifiye pou pwolonje peryòd gras la pou peman prim ak frè rive a 90 jou pou tout moun ki gen asirans-vi oswa moun ki gen sètifika sosyete sekou mityèl, jan tèm sa yo sèvi nan seksyon sa yo, k ap fè fas a difikilte finansye poutèt pandemi COVID-19 la;
- Seksyon 3203, 3219, ak 3220 nan Lwa sou Asirans la modifiye pou bay yon moun ki gen yon polis asirans-vi oswa yon moun ki gen kontra rant oswa yon moun ki gen sètifika, jan tèm sa yo sèvi nan

seksyon sa yo, selon yon polis oswa kontra an gwoup, 90 jou pou egzèse dwa oswa avantaj yo selon polis arirans-vi oswa kontra rant ki aplikab la, pou tout moun ki gen polis oswa moun ki gen kontra oswa moun ki gen sètifika selon polis oswa kontra an gwoup la, ki pa kapab egzèse dwa oswa avantaj li yo alè poutèt pandemi COVID-19 la;


- Seksyon 1116 ak Atik 34, 53, 54, ak 55 Lwa sou Asirans la ak Seksyon 54 ak 226 Lwa sou Endanmnite Travayè a (Workers' Compensation Law) modifiye pou enpoze yon moratwa sou yon konpayi asirans k ap anile, ki p ap renouvle, oswa k ap renouvle sou kondisyon tout polis asirans li te bay yon moun oswa yon ti biznis, oswa, nan ka yon polis asirans an gwoup, k ap asire detantè sètifika ki se moun oswa ti biznis, pandan yon peryòd 60 jou, pou tout detantè polis, oswa nan ka yon polis asirans an gwoup, detantè asirans oswa sètifika an gwoup, k ap fè fas a difikilte finansye poutèt pandemi COVID-19 la. Dispann ki pi wo yo ap aplike tou pou kalite asirans yo prezante nan paragraf (16), (17), (20), (21), (24), (26), ak (30) nan Seksyon 1113(a) Lwa sou Asirans la. Nan kad Dekrè Egzekitif sa a, yon ti biznis vle di tout biznis ki rezidan nan Eta sa a, ki gen pwopriyete li k ap jere l yon fason otonòm, epi ki anplwaye san moun pou piplis;
- Seksyon 576 Lwa Bankè a (Banking Law) modifiye pou bay Sirentandan Sèvis Finansye a otorite pwomilge yon règleman dijans pou aplike dispozisyon Dekrè Egzekitif la ki gen pou wè avèk anilasyon polis, pou ajans finans prim yo (jan yo defini nan Atik XII-B nan Lwa Bankè a), selon konsiderasyon sou sekirite ak sajès ajans finans prim yo;
- Sibdivizyon twa ak kat nan seksyon 42 Lwa sou Fonksyonè Piblik la (Public Officer's Law) nan mezi li egzije pou Gouvènè a pibliye yon pwoklamasyon apa pou yon eleksyon pou ranpli yon plas vid; epi
- Sibdivizyon (i) nan seksyon 414 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law) nan mezi sa nesèsè pou otorize distrik lekòl yo peye pou depans pou sèvis gadri sa yo.

ANPLIS DE SA, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive madi 28 avril 2020.

- Tout ak ki siyen epi yo remèt bay sirentandan an dapre Lwa Bankè New York la ("Lwa Bankè" a), epi ke yo dwe verifye oswa rekonèt selon Lwa Bankè a, yo gen dwa verifye oswa rekonèt yo gras a ajoutman langaj verifikasyon oswa rekonesans estanda nan ak la epi transmisyon yon kopi lizib ak siyen an pa faks oswa pa mwayen elektwonik.
- Eleksyon espesyal la nan Vil New York pou ranpli plas vid la nan Pòs Prezidan Awondisman Queens la ranvwaye pou 23 jen 2020. Se sèl kandida ki te elijib pou parèt sou bilten vòt la pou eleksyon espesyal 24 mas 2020 an k ap parèt sou bilten vòt la pou eleksyon espesyal 23 jen 2020 an.
- Tout eleksyon espesyal ki te planifye anvan sa pou fèt nan dat 28 avril 2020 epi ki ranvwaye pou 23 jen 2020 an vèti Dekrè Egzekitif 202.12 la ap gen sèlman non moun sa yo ki te deja kalifye pou parèt sou bilten vòt 28 avril 2020 an.
- Sikilasyon, achivaj, ak ranmasaj tout petisyon k ap deziyen, oswa petisyon endepandan k ap nonmen pou nenpòt ki pòs, ki otreman t ap sikile oswa achive konfòmman a Lwa sou Eleksyon an, Lwa sou Edikasyon an oswa nenpòt ki lòt lwa konsolide pou kèlkeswa pòs la k ap kòmanse 31 mas 2020, ranvwaye avèk dokiman sa a.
- Tout konsèy eskolè, konsèy bibliyotèk, oswa eleksyon vilaj ki planifye pou fèt nan mwa avril oswa me 2020 ranvwaye avèk dokiman sa a jiska omwen 1ye jen 2020, epi kapab resevwa lòt direktiv nan sa ki gen pou wè avèk lè, kote ak manyè vòt la ap fèt pou eleksyon sa yo.
- Tout travayè ki se anplwaye eta New York, si ajans li jije li pa esansyèl, ap travay apati de lakay li oswa l ap kapab rete lakay li san akimilasyon jiska 16 avril 2020.
- Dekrè Egzekitif 202.6 modifiye avèk dokiman sa a pou klarifye ke konstriksyon ki te yon sèvis esansyèl ki pa sijè a restriksyon travay an pèsonn yo modifiye pou prevwa se sèlman **sèten** konstriksyon yo konsidere yo gen egzansyon nan retriksyon an pèsonn yo apati de 28 mas 2020. Anplis, nan dat ak apre 27 mas 2020, Empire State Development Corporation avèk dokiman sa a gen otorizasyon pou li detèmine ki pwojè konstriksyon k ap esansyèl epi konsa gen egzansyon nan entèdiksyon mendèv an pèsonn nan, ki nan EO 202.6 ak Dekrè Egzekitif ki vin apre yo ki te redui plis toujou kondisyon yo pou mendèv la. Tout pwojè konstriksyon yo ap sèvi avèk pi bon pratik yo pou evite transmisyon COVID-19.
- An vèti Dekrè Egzekitif 202.3, 202.4, 202.5, 202.6, 202.7, 202.8, 202.10, 202.11 ki te fèmen oswa yon lòt jan mete restriksyon sou biznis piblik oswa prive oswa kote piblik, tout Dekrè Egzekitif sa

yo pral kontinye, depi dat ekspirasyon Dekrè Egzekitif sa yo annakò, yon jan pou tout restriksyon sou biznis an pèsonn yo kapab an vigè jiska 11:59 p.m. nan dat 15 avril 2020, sòf si lòt Dekrè Egzekitif pi devan pwolonje yo.

- Direktiv Dekrè Egzekitif 202.12 la ki egzije pou gen yon moun k ap soutni yon pasyan k ap akouche modifye pou kouvri tranche, akouchman epitou peryòd touswit apre akouchman an.



F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, ventnevyèm jou mwa mas

nan ane de mil ven.

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Adriano".

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Me. C".

Sekretè Gouvènè a